

# SISPANN!

## FWÒD NOTARYO

---

**KI SA FWÒD NOTARYO A YE?** **Notaryo** yo se moun ki fè moun peye pou konsèy legal oswa sèvis konsènan imigrasyon oswa lòt zafè lalwa malgre yo pa gen kalifikasyon sa yo. Yo regilyèman viktimize manm kominote imigran yo, fè moun peye pou sèvis ki pa kalifye, oswa pran lajan sèlman pou yo disparèt.

**SISPANN!** Si ou gen kesyon sou sitiyasyon imigrasyon ou, li enpòtan pou ou chèche konsèy nan men yon avoka imigrasyon kalifye oswa yon reprezantan akredite sou sitiyasyon espesifik ou a.

**PA KITE** notaryo oswa lòt konsiltan **TWONPE W!** Yo konn pwomèt rezilta imedya oswa solisyon espesyal pou yo ka vòlè lajan w—pafwa yo fè w peye plis pase avoka ki gen lisans. Si w pa sèten si yon moun kalifye pou ede w, mande prèv kalifikasyon yo epi kenbe yon kopi.

**PRAN PASYANS** epi pran tan ou pou kapab jwenn bon èd la. Yon move konsèy ka afekte chans ou pou rete Ozetazini, pou jwenn yon estati legal, oswa pou vin yon sitwayen ameriken.

**ITILIZE** sit entènèt Asosyasyon Avoka Imigrasyon Ameriken kote wap klike sou Jwenn yon Avoka Imigrasyon. Sit entènèt la se: [www.ailalawyer.org](http://www.ailalawyer.org) pou jwenn yon avoka imigrasyon kalifye. Ou kapab jwenn reprezantan akredite tou nan [www.justice.gov/eoir/find-legal-representation](http://www.justice.gov/eoir/find-legal-representation).

**PALE** ak yon avoka oswa yon reprezantan imigrasyon ki kalifye, **POZE** kesyon anvan ou fè pèman, epi **RAPÒTE** tout notaryo kap eseye pran avantaj sou ou oswa fanmi ou nan [de.gov/consumercomplaint](http://de.gov/consumercomplaint).

Pou plis enfòmasyon sou kijan pou evite fròd, jwenn bon èd legal, epi rapòte notaryo, vizite [www.stopnotariofraud.org](http://www.stopnotariofraud.org).

